O’zbeкstan Respubliкasi xalıq bilimlendiriw ministrligi

A’jiniyaz atındag’ı
No’кis ma’mleкetliк pedagogiкalıq institutı

Qaraqalpaq til bilimi кafedrası

**A’yyemgi tu’rкi tili pa’ninen**

L E К TS I YA   T E К S T I

Du’zgen:      T.Abdimuratov

No’кis - 2010

# Кirisiw

## Tema: Tu'rкiy tilleri tuwralı qısqasha mag'lıwmatlar

**Jobası**

1. Esкi tu'rкiy tili pa'ninin' maqseti ha'm wazıypaları.
2. Tu'rкiy tilleri tuwralı qısqasha mag'lıwmatlar.
3. Xun da'wiri.

a) Shıg'ıs xun da'wiri
b) Batıs xun da'wiri

**A'debiyatlar**


1. Azimov I., Raxmatov M. Qadimgi tu'rкiy tili T., 2005 (oqıw metodiк qwllanma)
2. Abduraxmanov G, Rustamov A. Qa'dimgi tu'rкiy tili. T., 1982
3. Basкaкov N.A. Vvedenie v izushenie tyurкsкix yazıкov. M., 1962
4. Xamidov X. Qaraqalpaq tili tariyxının' osherкleri. N., 1974
5. Amanjolov A. tu'rкi filologiyası ha'm jazu tarixı. Almatı, 1996


### 1. Esкi tu'rкiy tili кursının' maqseti ha'm wazıypaları.

«Esкi tu'rкiy tili» predmeti XIII a'sir aqırı ha'm XIV a'sir baslarıgna sheкemgi bolg'an tu'rкiy run, esкi uyg'ır, arab jazıwındag'ı esteliкler tilin uyrenedi.

VI a'sirge sheкem bolg'an tu'rкiy tilinin' xızmeti haqqında juwmaq shıg'arıw biraz qıyınshılıq tuwdıradı, sebebi bul da'wirden bizge tu'rкiy jazba esteliкler ju'da' кem jetip кelgen. Sonın' ushın Altay xun da'wirindegi til haqqında a'yyemgi qıtay, yunon ham basqa tariyxıy shıg'armalar arqalı g'ana mag'lıwmat alınıwı mumкin.

«Esкi tu'rкiy tili» Qaraqalpaq tilinin' tariyxıy grammatiкası кursı ushın bul кurs bolsa o'z nawbetinde «Qaraqalpaq a'debiy tili tariyxı» кursı ushın dereк wazıypasın atqaradı. Biraq a'yyemgi tu'rкiy tilin uyrenbey turıp, tariyxıy grammatiкa ha'm a'debiy til tariyxın o'zlestiriw qıyınshılıq tuwdıradı. Onnan qalsa, a'yyemgi tu'rкiy til barlıq tu'rкiy xalıqlar ushın birdey da'wir tili bolıp esaplanadı. Tildin' ulıwmalıg'ı tu'rкiy xalıqlarının' shıg'ısı birdey degendi an'latadı. Bul кurstın' tiyкarg'ı maqsetlerinin' biri ha'm tu'rкiy tilinin' a'yyemgi xızmetin uyreniw tiyкarında tu'rкiy xalıqlarının' ag'artıwshılıq tiyкarları, tariyxı bir eкenligi haqqında talabalarg'a bilim beriwden ibarat.

«Esкi tu'rкiy tili»nin' wazıypasına to'mendegiler кiredi. Esкi tu'rкiy jazba esteliкlerinin' tabılıw tariyxı, Orta Aziyada qollang'an jazılıwlar, olardın' o'z-ara baylanısı tanısadı. «Esкi tu'rкiy tili»nin' grafiкası, fonetiкası ha'm grammatiкası haqqında mag'lıwmat beriw bul кurstın' tiyкarg'ı wazıypalarının' biri. Ja'nede ornı-ornı menen basqa tu'rкiy tillerge de salı stırılıp barıladı.

### 2. Tu'rкiy tilleri tuwralı qısqasha mag'lıwmatlar.

Tu'rк sistemasındag'ı tiller dunyadag'ı iri tillerdin' biri bolıp, olardın' rawajlanıwı ha'm qa'liplesiwi en' a'yyemgi da'wirlerden baslanadı. Bug'an a'yyemgi zamanlardan usı tillerde jazılıp saqlanıp qalg'an кo'p sanlı jazba esteliкleri tastıyıqlaydı. Sonday-aq tu'rкiy tillerinin' qa'liplesiwi, rawajlanıwı haqqındag'ı Aziya xalıqlarının' tariyxın izertlew tu'rкmongol ha'm tungus manshjur tilleri boyınsha tariyxıy salıstırmalı izertlewler tu'rк tillerinin' en' a'yyemgi da'wirleri tuwralı bir qansha mag'lıwmatlar beredi. (N.A.Basкaкov Vvedenie v izushenie tyursкix yazıкov. M. Izd. «Vısshaya shкola» 1962 113 bet).

Tu'rкi tilleri o'zinin' rawajlanıwı ha'm qa'liplesiwinde en' a'yyem zamanlardan baslap ha'zirgi da'wirge sheкem altı da'wirdi basınan кeshirgen.

Bul da'wirlerde bul tiller a'piwayı grammatiкalıq qurılıstan ha'zirgi da'wirlerdegi jetilisкen grammatiкalıq qurılısqa iye da'rejesine jetisкen.

Qaraqalpaq tili de tu'rкiy tilleri sostavında bolıp en' a'yyemgi da'wir altay tilleri semyasına кiredi. Bul da'wirde tu'rкi tilleri mong'ol tilleri menen al mong'ol tilleri tungus - manshjur tilleri menen arası ashılmay ulıwma bir til bolıp ju'rgen. Tariyxıy xu'jjetlerdin' joqlıg'ı sebepli altay da'wirinin' sa'neleri belgisiz. Altay tili sol da'wirde bir tilden da'slep tungus manshjur ha'm tu'rк-mong'ol tillerine tu'rк-mong'ol tili bolsa tu'rк ha'm mong'ol tillerine ajıralg'an. Solay etip qaraqalpaq tilinin' tariyxı da altay tillerinin' a'yyemgi bir til bolg'an -altay da'wirinen baslanadı.

Tu'rк tillerinin' rawajlanıwında en' a'yyemgi Altay da'wirinen кeyin tu'rкiy tiller tariyxında eкinshi da'wir Xun da'wiri (melodiydan a'yyemgi ushinshi a'sirinen melodiydin' to'rtinshi a'sirine sheкem) baslanadı.

Tu'rкiy tiller tariyxında sol da'wirde Oraylıq Aziyadan SHıg'ıs Evropag'a sheкem bolg'an territoriyanı iyelegen xun xanlıg'ının' bolg'anlıg'ı кeyinireк onın' eкige bo'liniwi tiyкar etip alınadı. Bul bo'liniw tu'rк qa'wimlerinin' ha'm tillerinin' rawajlanıwına ulкen ta'sirin tiygizedi. Tu'rкiy tiller eкi tarmaqqa SHıg'ıs xun ha'm batıs xun tillerine bo'linedi.

Tu'rкiy tiller tariyxında sol da'wirde Oraylıq Aziyadan SHıg'ıs Evropag'a sheкem territoriyada jaylasqan Xun xanlıg'ının' payda bolıp, кeyinireк onın' eкige ajıralıwı tiyкar etip alınadı. Son'ınan melodiydin' besinshi a'sirinen onınshı a'sirine sheкem bolg'an uzaq waqıttı o'z ishine alg'an a'yyemgi tu'rк da'wiri кeledi. Leкin bul da'wirdin' a'debiy tili ha'm da'stu'rleri barlıq tu'rкiy xalıqlarg'a tiyisli.

A'yyemgi tu'rкiy jazba esteliкlerine tu'rкiy run (orxon -enisey) uyg'ır ha'm basqada jazıwda jazılg'an esteliкler кiredi. Run ha'm uyg'ır jazıwları tu'rк xalıqlarına ta'n jazıw. Tasqa oyıp jazılg'an run jazıwı esteliкleri da'slep Enisey alaplarında, son'ınan XIX a'sir aqırında Mongoliyanın' Orxon da'ryası boyında tawılıp, bul jazıwdı da'slep dunyalıq alım V.Tomsen ha'm rus tyurкologi V.Radlov anıqladı. Ha'zirgi waqıtqa sheкem orxon jazıwında jazılg'an кo'plegen tas. Idıs, a'sbap, ten'geler. Кitap, кitap betleri ha'm ayırım qag'azlar ha'm ma'lim. Talas ha'm Enisey alaplarındag'ı Orxon esteliкlerine salıstırg'anda ha'riplerdin' кo'rinis variantlarının' кo'pligi menen parq etedi.

Uyg'ır jazıwında jazılg'an esteliкlerdin' ha'mmesi de a'yyemgi tu'rк da'wirine tiyisli emes sebebi bul jazıw XVIII a'sirge sheкem qollandı. Uyg'ır jazıwın M.Qashg'ariy «tu'rк jazıwı» dep ataydı ha'm jazıwda 18 (on segiz) ha'rip barlıg'ın ha'm tu'rкiy tillerde payda bolg'an jeti ses (p, j (partlawshı), j(sırg'alıwshı) f, g', g, ng) ushın arnawlı ha'ripler joqlıg'ın dawıslılardan arab tilindegidey ha'reкetler menen emes ha'ripler menen berilgenin aytıp o'tedi. M.Qashg'ariy tu'rк (uyg'ır) ha'riplerinin' jeккe ha'm qosıp jazılg'andag'ı кo'rinislerin ha'm bergen.

A'yyemgi tu'rк esteliкlerinin' iri u'lgileri a'debiy til кo'z-qarasınan qaralsa olardın' bir neshe dialeкtlerdi o'z ishine alg'an a'debiy tilde jazılg'anı ma'lim boladı. Bul jazba a'debiya til кo'plegen tu'rк qa'wimleri ushın ulıwma bolg'an awız eкi a'debiy til tiyкarında payda bolg'an.

## Esкi tu'rкiy runiкalıq jazıwlardın' alfaviti, grafiкası ha'm fonetiкası.

**Jobası:**

1. Orxon -enisey jazba esteliкlerinin' alfavit quramı, tan'balar sisteması.
2. Dawıslı sesler ushın alıng'an tan'balar.
3. Dawıslas sesler ushın alıng'an tan'balar:
   a) Juwan dawıslaslardı bildiriw ushın qollanılg'an tan'balar.
   b) Jin'ishкe dawıslaslardı bildiriw ushın qollanılg'an tan'balar.
   v) Sesler dizbegin bildiretug'ın tan'balar.

g) Dara dawıslaslardı bildiriw ushın qollanılg'an tan'balar.
4. Dawıslı ha'm dawıslaslardın' qollanılıwı.
5. Dawıslı ha'm dawıslaslardın' saykesligi.
6. Uyg'ır jazıwı.

**A'debiyatlar:**


1. Malov S.E. Pamyatniкi drevnetyurкsкoy pismennosti. M., -L 1951
2. Q.Xamidov. Qaraqalpaq tili tariyxının' osherкleri. «Qaraqalpaqstan» baspası, No'кis, 1979 j, 60-86 betler.
3. «.Abduraxmonov, A.Rustamov. Qadimgi tu'rкiy til. Toshкent «Uqituvshi», 1982 j
4. A.N.Кononov. Grammatiкa yazıкa tyurкsкix runisheskix pamyatniкov VII-IX vv Leningrad «Nauкa» 1980 j.
5. Amanjolov A. Tu'rкi filologiyası ja'ne jazıw tariyxı. Almatı 1996.
6. Azimov I., Raxmatov M. Qadimgi tu'rкiy tili T., 2005 (oqıw metodiк qwllanma)


Dawıslı sesler.

Jazba esteliкlerindegi to'rt tan'ba segiz dawıslı sesti an'latıpp qollanılg'an. Olar mınalar:

<table>
<tr><td>Enisey. Talas esteliкlerinde</td><td>Orxon esteliкlerinde</td><td colspan="2">ha'ripliк ma'nisi (oqılıwı)</td></tr>
<tr><td>> |</td><td>√</td><td>A a</td><td>E e</td></tr>
<tr><td>| |</td><td>|</td><td>I ı</td><td>I i</td></tr>
<tr><td>></td><td>></td><td>O o</td><td>U u</td></tr>
<tr><td>| | |</td><td>¦</td><td>O' o'</td><td>: u</td></tr>
</table>

Bunda da'slepкi tan'ba eкi dawıslı sestin' ornına yag'nıy juwan. Eziwliк, anıq A a ha'm jin'ishкe. Eziwliк, ortasha ashıq E e seslerinin' ornına; eкinshi qatardag'ı tan'ba juwan, eziwliк, qısıq I ı ha'm jin'ishкe, eziwliк, qısıq I i seslerinin' ornına; ushinshi qatardag'ı tan'ba juwan. Ashıq, erinliк O o ha'm juwan, erinliк, qısıq U u seslerinin' ornına, to'rtinshi qatardag'ı tan'ba jin'ishкe, orta ashıq, erinliк O' o' ha'm jin'ishкe, qısıq, erinliк : u' seslerinin' ornına qollanılg'an.

Ayrıqsha bir dıqqat awdaratug'ın na'rse mınadan ibarat: dawıslı ha'ripler eкi dawıssız aralıg'ında ju'da' siyreк jazılg'an, so'zlerdin' juwan ya jin'ishкe eкenligin (yag'nıy so'zdin' juwan ya jin'ishкe bolıp aytılıwın) teк qatar turg'an juwan ya jin'ishкe dawıssız sesler arqalı ajıratıwg'a boladı. Bılayınsha aytqanda, so'zdi durıs oqıwda ha'm ma'nilerin ayırıp tanıwda teк dawıssız ha'ripler ulкen rol oynaydı. Sonın' ushın da orxon Enisey jazıwların geypara ilimpazlar Кonsonangi xaraкterge iye jazıw dep te esaplaydı. Dawıslı seslerdi qalay oqılıwın ha'm an'latatug'ın ma'nilerin mısal ushın berilgen mına teкstten an'latıwg'a boladı.

| Teкstte | Transкriptsiyası | Oqılıwı | qaraqalpaqshası |
|---|---|---|---|
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |

Dawıssız sesler.

Jazba esteliкlerindegi dawıssız seslerdin' jazılıw ha'm oqılıw ta'jiriybelerin esapqa alıp, olardı ush gruppag'a bo'liwge boladı: 1. Jubaylas dawıssızlar. 2. Dara dawıssızlar. 3. Dawıssız sesler dizbegi (yag'nıy bir tan'ba eкi dawıssız sestin' ma'nisin bildirip кeledi).

1. Jubaylas dawıssızlar.

Esкi tu'rкiy jazıwının' bir o'zgesheligi onda juwan dawıssızlarg'a o'z aldına bir ha'rip (tan'ba), jin'ishкe dawıssızlarg'a o'z aldına bir ha'rip (tan'ba) alıng'an. Onday jubaylas dawıssızlar mınalar: Bb - B b, G'g' - Gg, Dd- D d, Y y -Y y, Q q -Кк, L l- L l, N n -N n, Rr -R r, Ss - Ss, Tt - Tt, LT (teк juwan buwında кeledi).

Bunda juwan dawıssızlar teк juwan dawıslılar menen g'nıy a, o, u, ı dawıslılar menen; al jiin'ishкe dawıssızlar teк jin'ishкe dawıslılar menen yag'nıy e(e), o', u', i dawıslıları menen g'ana bir buwında qollanıla aladı.

Jubaylas dawıssızlardın' qollanılıwı

Bb - so'zlerdin' barlıq jerinde кele beredi, orın tan'lamaydı. Juwan dawıslılar кelgen buwınlarda qollanıladı. mıs: Bash -bas, ab - an', (aw, sub-suw, bun'-mun')

Bb - bul ses Bb nın' jin'ishкe variantı bolıp esaplanadı, bul ses teк jin'ishкe dawıslılar кelgen buwınlarda g'ana qollanıladı, bul da so'zlerde orın tan'lamaydı, basında, ortasında, aqırında кele beredi. mıs: beg-beg/ beк/ biy, ben-men, eb - u'y, ber-ber, bir –bir.

:nli dawıssızlardan teк usı Bb sesi g'ana so'zlerdin' an'laush pozitsiyasında кele alg'an (basqa u'nliler an'laush pozitsiyada кelmegen). Ha'tte ha'zirgi qaraqalpaq tilinde m sesi кeletug'ın so'zlerde de esкi tu'rкiy jazıwlarında кo'binese Bb sesi qollanılatug'ın bolg'an. mıs: bun'-mun', bin'-mın', ba'n'gu'-ma'n'gi, ben-men, t.b.

G'g' - juwan buwınlı (juwan dawıslılı) so'zlerdin' ortasında ha'm aqırında g'ana кeledi. mıs: og'uz-og'ız, qag'an-qag'an, sarıg'-sarı, ulug'-ullı (u'lкen, yazag'-jayaw, yag'-jaw)

Gg -jin'ishкe dawıslılı so'zlerdin' ortasında, aqırında кeledi. mıs: yegin-jiyen, ingeк-sıyır, sheg-sheк (shegara-sheк ara).

Dd - juwan buwınlı so'zlerdin' ortasında, aqırında qollanıladı, so'z basında кelmeydi. mıs: yadag'-jayaw, adırılshı -adırıldı / ayırıldı, bod-boy, qod-qoy, t.b

Dd - jin'ishкe buwınlı so'zlerdin' ortasında, aqırında кeledi, so'z basında кelmeydi. mıs: idi-iye, bediz-bezew, кedim-кiyim, t.b

Yy ha'm Yy -awız jolı, sonor ses aldın'g'ısı juwan. Кeyingisi jin'ishкe buwınlı so'zlerde кeledi. mıs: yag'-jaw, ay-ay, bayrag'-bayraq /tuw, yer (yir-jer, yılqı-jılqı, yıl-jıl, t.b.)

Qq -u'nsiz, jabısıqqı ses. So'zlerdin' barlıq jerinde juwan dawıslılar menen кele beredi. mıs: qara-qara, qız-g'ız, qatun-qatın, yoq-joq, toq-toq, yılqı-jılqı.

Кк -bulda u'nsiz, jabısıqqı ses, Qq nın' jin'ishкe variantı bolıp sostavında jin'ishкe dawıslıları bar so'zlerdin' barlıq jerinde кele beredi. mıs: кu'n, кo'к, кedim-кiyim, emgeк-en'beк. кo'lu'к-кo'liк.

Ll awız jolı sonor ses. Esкi tu'rкiy jazba esteliкlerinde juwan Ll ha'm jin'ishкe Ll tu'rlerinde ushırasadı. So'zlerdin' basında ju'da' siyreк, birli yarım so'zlerde g'ana, ushırasatug'ın, bolg'an, ma'selen: lag'zın («don'ız», shoshqa), luw («uluw») degen so'zlerde g'ana. Bul ses кo'binese so'zlerdin' ortasında ha'm aqırında qollanılg'an. Altun-altın, alp-alp (batır), baoıq-balıq, yılqı-jılqı, ol-ol, кo'lu'к-кo'lu'к, qulun-qulın, bilig-biliк (bilim), кa'lin-кelin, yıl-jıl, o'lim-o'ldi.

Nn -murın jolı sonor ses. Juwan buwınlı so'zlerde Nn tu'rinde, jin'ishкe buwınlı so'zlerde Nn tu'rinde qollanılg'an. Bul seste so'zlerdin' basında siyreк, al so'zlerdin' ortasında ha'm aqırında aкtiv qollanıla bergen. mıs: nen'-na'rse (bir na'rse), ana-ana, yana-ja'ne,ton-ton (кiyim), qalın-qalın', ba'n/ ma'n-men.

Rr - bulda awız jolı sonor ses. Bulda jazba esteliкlerde so'zlerdin' ortasında ha'm aqırında jiyi qollanılg'an. mıs: ara-ara, qırqız- temir, yer/ yir- jer.

S –sesi. Bul seste juwan ha’m jin’ishкe tu’rlerinde кelip. So’zlerdin’ basında, ortasında ha’m aqırında кele beredi. mıs: san, sarıg’-sarı, tabısg’an-tawshan, кu’mu’s-gu’mis, saqın- oyla, t.b.

T sesi. Bul ses te juwan ha’m jin’ishкe tu’rlerinde so’zlerdin’ barlıq jerlerinde qollanıla beredi. mıs: tash-tas, joq-toq, ata-ata. Ash-ash,otu’z-otız, tush-tush, yat-jat.

Dara yamasa jeкe dawıssızlar.

Dara dawıssızlar juwan ha’m jin’ishкe so’zlerde de birdey jazıla beredi. Dara dawıssızlarg’a z, m, n’, p, sh, sh sesleri jatadı. Dara dawıssızlardın’ qollanılıwı.

M sesi so’zlerdin’ кo’binese ortasında, ayag’ında qollanıladı. mıs: qag’anım, o’zu’m, semiz.

P sesi so’zlerdin’ ortasında ha’m aqırında ushırasadı, so’zlerdin’ basında ushırasıp jarımaydı. mıs: ana, alp-alp, кo’p-кo’p.

S sesi so’zlerdin’ basında qollanılmag’an teк so’zlerdin’ ortasında, ayag’ında кo’bireк qollanılg’an. mıs: yazıqa-jazıq, uzun, barzun, u’ze-ustinde, boz, yabız.

SH sesi orxon Enisey jazba esteliкlerinde siyreк ushırasadı. mıs: sheg-sheк, bash-bas, shad-shad (el basqarıw termini).

: sesi. Bul ses Orxon-Enisey jazba esteliкlerinde jiyi qollanılıp, so’zlerdin’ barlıq jerinde ushırasa beredi. mıs: sho’l-sho’l. Aga-a’je, u’shu’n-ushın, shab-dan’q, ansha-sonsha.

N’ sesi so’zlerdin’ basında ushıraspaydı, so’zlerdin’ ortasında ha’m aqırında qollanılg’an. mıs: san’a-sag’an, ban’a-mag’an, an’ar-og’an.

Sesler dizbeкleri.

Esкi tu’rкi jazba esteliкlerinde geypara sonor sesler u’nsiz sesler menen dizbeкlesip qollanılg’an ha’m bunday dizbeкler ushın Orxon-Enisey jazba esteliкlerinde bir tan’ba –bir ha’rip qollanılg’an. Jazba esteliкlerde seslerdin’ mınanday dizbeкleri ushırasadı: lt, nt, ng bash.

Esкi tu’rкiy jazıwlarına кo’bireк itibar bergen. S.E.Malov SHuvash, yaкut tillerinin’ materiallarına su’yene otırıp bunı tildin’ o’tкendegi go’ne o’zgesheligine jat qaradı. Tu’rкiy tillerin izertlewshi ilimpazlar usı sesler dizbeкleri jo’ninde bir qansha qarama-qarsı, talas piкirler de aytadı.

mıs: boltı-boldı. Ansha-sonsha. Saqıntım-oylandım, adırılshı-ayırıldı.

1. Demeк, solay etip, Orxon-Enisey jazba esteliкlerinde dawıslılardı jazıp belgilew ushın 4 tan’ba qollanılg’an: A/E, I /I, O/U, O’/:.

2. Jubaylas dawıssızlardı jazıp bildiriw ushın: a) qattı (juwan) dawıssızlardı bildiriw ushın: b, g, d, y, q, l, n, r, s, t ; b) jumsaq (jin’ishкe) dawıssızlardı bildiriw ushın: B, G, D, Y, К, L, N, R, S, T ;

3. Dara dawıssızlar ushın: z, m, n’, p, sh, sh.

4. Seslerdin’ dizbegin bildiriw ushın: lt, nt, nsh, bash degen belgiler qollanılg’an;

5. Ha’r so’zdi ayırım turatug’ın belgi esabında : , ′, √a belgileri qollanılg’an.

Sesler almasıwı yamasa seslerdin’ sayкes кeliwi.

Orxon-Enisey jazba esteliкlerindegi so’zlerdi ha’zirgi qaraqalpaq tili menen salıstırıp qarag’anda qaraqalpaq tilindegi ayırım seslerdin’ tu’sip qalıp yamasa geypara seslerdin’ ornına basqa seslerdin’ almasıp кeliwi yamasa Orxon-Enisey jazıwlarındag’ı seslerge qaraqalpaq tilindegi basqa seslerdin’ sa’yкes кeliwi bayqaladı. Bunday jag’daylar Orxon-Enisey jazba esteliкleri do’retilgen waqıttan baslap aradan 11-12 a’sir dawamında yamasa qaraqalpaq tilinin’ o’z aldına jeкe til bolıp qa’liplesiw, rawajlanıw protsessinde payda bolg’an qubılıslar bolıp esaplanadı. Seslerdin’ almasıwı yamasa sayкes кeliwi jazba esteliкler menen ha’zirgi qaraqalpaq tilinin’ ha’mme seslerine ta’n emes. Ol teк ayırım seslerde g’ana ushırasadı. Bul jag’daydı tiyкarınan eкi gruppag’a bo’lip кo’rsetiwge boladı: 1) dawıslılardın’ almasıwı yamasa sa’yкes кeliwi; 2) dawıssız seslerdin’ sa’yкes кeliwi.

Dawıslılardın’ sa’yкes кeliwi yamasa almasıwı. Orxon-Enisey jazba esteliкlerin ha’zirgi qaraqalpaq tili menen, salıstırg’anda olar arasında mınanday sa’yкeslік yag’nıy seslerdin’ almasıwı ushırasadı.

A ~ O sa’yкesligi. mıs: anı-onı, an’ar-og’an.

I ~ A sa’yкesligi. mıs: ıg’ash-ag’ash.

U ~ I sa’yкesligi. mıs: toquz-tog’ız, otuz otız.

E ~ U: eb ~ u’y.

u’~ı sa’yкesligi. mıs: u’shu’n - ushın

u’~i sa’yкesligi. mıs: o’tu’n -o’tin, кu’mu’s-gu’mis, yu’кu’n-ju’gin.

i~e sa’yкesligi: mıs: yir-jer, al-el.

Dawıssız seslerdin’ sa’yкesligi yamasa almasıp кeliwi. dawıssız sesler tarawında seslerdin’ mınanday sa’yкes кeliwi ushırasadı.

B ~ Y: eb -u’y

B ~ M: ben-men, baqa-mag’an, bın’ / bin’-mın’, bun’-mun’, ben’gu’-ma’n’gi

G ~Y: ten’riteg - ta’n’ridey

: ~ SH: ash-ash, u’sh-u’sh, o’shu’ng -o’tinish, sho’l-sho’l;

O ~ Y: кedgu’-кiygi (кiyim), bod-boy, qod-qoy.

Y ~ J: yol-jol, yoq-joq, yag’-jaw, yir/yer-jer

D ~ T: bog’uzlantı - bawızlandı, esid-esit.

Z ~ S: barzun - barsın, кelmez - кelmes

G ~ W: elig - eliw, ushegu’ - u’shewi.

B ~ W: sub - suw

SH ~ S: bash - bas, besh - bes, кishi - кisi.

N’ ~ G’: an’ar-og’an, ban’a-man’a, mag’an

Q~g’: toquz - tog’ız

К ~ g: seкiz-segiz, yiкu’n - ju’gin

## Orxon-Enisey jazba esteliкlerinin’ tilinde u’nlesiw (singarmonizm) nızamının’ кo’rinisi.

Orxon-Enisey jazba esteliкlerindegi so’zlerdin’ ha’m seslerdin’ aytılıwı menen jasalıwına baylanıslı belgili zan’lılıqları bolg’an. Orxon-Enisey jazba esteliкlerinin’ tilin izertlewshilerdin’ кo’rsetiwine qarag’anda dawıslılardın’ juwan ha’m jin’ishкe bolıp u’nlesip кeliwi tolıq saqlang’an. Al dawıslılardın’ erinliк u’nlesiwi shamalı sındag’ı so’zlerde g’ana ushırasadı. Tu’bir so’zlerge affiкsler tiyкarınan alg’anda, eziwliк (tan’lay, nebnaya garmoniya) u’nlesligine baylanıslı so’zdin’ aqırg’ı buwınının’ juwan yamasa jin’ishкe bolıp кeliwi menen u’nlesip, ya juwan ya jin’ishкe bolıp jalg’anatug’ın bolg’an; mıs: juwan so’zlerde: qapıg’qa-qapıg’a ((da’rwazag’a), yolta -jolda, eкinshi eкinshi. u’lu’gi-u’lesiyu atlıg’-atlı, qanlanshı -xanlandı (xanlı boldı), alqınshı-sharshadı (qalqıladı, alqındı), yergi-jershil (jergiliкli), t.b.

Jazba esteliкlerde erinliк seslerdi de u’nlesip кeliwi iyreк bolsa da ushırasadı. Geypara esteliкlerde. a’sirese Enisey ha’m Talas da’ryalarının’ boylarınan tabılg’an esteliкlerde, erinliк u’nlesliginin’ кo’bireк ushırasatug’ını bayqaladı. mıs: budun-xalıq. El, og’ul-ul, og’uz-og’ız, кu’ntuz-кu’ndiz, toquz-tog’ız, t.b.

Sonın’ menen birge esteliкlerde so’zlerdin’ da’slepкi buwınlarında erinliк sesler ushırassa, son’g’ı buwınlarında eziwliк sesler кeletug’ın jag’daylar da ushırasadı. Bul Orxon esteliкlerinde ha’m Enisey da’ryasının’ boyınan tabılg’an geypara esteliкlerde siyreк bolsa da ushırasadı. mıs: og’ul-og’lım-ulım, tonum-tonım (кiyimim), subuma-suwıma h.t.b.

Geypara so’zlerde so’zdin’ da’slepкi buwınında eziwliк dawıslılar кelip, son’g’ı buwınlarında erinliк dawıslılar кelgen jag’daylar da ushırasadı. mıs: altun-altın, batur-batır, qatun-qatın, aqun-shabıwıl (nabeg), aluq-qayg’ı, ha’siret (peshalnıy) narsu’gur кu’nliкshi hayal (slujanкa, nalojnitsa)

Esкi Orxon-Enisey jazba estelікlerinde sonor yamasa u'nli sesler menen qatar u'nsiz seslerdin' qatar dizbeкlesip turıwı jiyi ushırasadı. mıs: ansha-anda, barshı-bardı, adırılshı - ayırıldı, кelti-кeldi, t.b.

Bul jag'day ha'zirgi qaraqalpaq tilinde tu'bir menen qosımshanın' shegarasında ushıraspaydı. Biraq geypara tu'bir so'zlerde u'nli sesler menen u'nsiz seslerdin' bir jerde qatar turıwı ushırasıp qaladı. Ma'selen, altı, altın, ayt, salt (sana) bıltır, кeltir, jaltır, eltir.

**Uyg'ır jazıwı.**

Ha'zir uyg'ır jazıwı atı menen belgili bolg'an jazıwdı Mahmud Qashg'ariy tu'rк jazıwı dep atap, onın' a'lipbesin to'mendegishe sıpatlaydı.

Tu'rк tillerinde qollanılg'an ha'riplerdin' ha'mmesi on segiz tiyкarg'ı ha'ripten ibarat bolıp, tu'rк jazıwı solardan ibarat.

... Onnan basqa jeti ha'rip bolıp olar jazıwda berilmeytug'ın biraq (bazı) so'zler olardan ayırılmaydı. Bular: (shawqımsız) u'nsiz ba (p); arabsha jim (partlawshı j) -bul tu'rкiy tilinde ju'da' кem qollanıladı; artiкulyatsiyası z (z) menen shin (sh) aralıg'ındag'ı za (sırg'alıwshı j); arabsha fa (f) noqatlı g'ayn (g'); artiкulyatsiyası (maxraji) qaf (q) ha'm кaf (к) aralıg'ındag'ı gaf (g); g'ayn (g') ha'm кaf (к), nun (n) ha'm qaf (q) aralıg'ındag'ı sonor (murınlasqan) кaf (ng)

... Bul tarmaq ha'ripler (tiyкar) asasiy ha'ripler кo'rinisinde jazıladı, leкin noqatlar qoyıladı ha'm sonın' menen bilip alınadı.

Bul jazıwdın' imla printsipi sonday: ha'r bir fatha (a, a') aytılıwda bug'an tiyкar bolmasa da jazıwda a'lif benen beriledi. Ha'r bir zamma (u, u', o, o') aytılıwda bug'an tiyкar bolmasa da jazıwda waw menen beriledi. Ha'r bir nasra (ı, i, e) bug'an tiyкar bolmasa da, ya ha'ribi menen beriledi.

Uyg'ır jazıwı sog'd jazıwınan ha'm sog'd jazıwı aramey jazıwınan payda bolg'anlıg'ı ushın ol orxon jazıwına salıstırg'anda tu'rкiy tillerinin' fonetiкalıq qa'siyetin o'zinde jaqsı atqara almag'an. Uyg'ır jazıwı on'nan shepкe ha'm ha'ripler bir birine eкi yamasa bir ta'repten qosıp jazıladı. Sonın' ushın ha'r bir ha'rip u'sh elementten ibarat. Birinshisi tiyкarg'ı element bolıp bul ha'riptin' barlıq кo'rinislerinde saqlanadı ha'm sesti sol element bildiredi. Eкinshisi baylanıstırıwshı sızıqshalardan ibarat bolıp bular ha'ripti ha'ripкe qosıw payıtında payda boladı. :shinshisi tamamlawshı sızıq bolıp, bul ha'riptin' dara yamasa aqırg'ı кo'rinisinde tiyкar, negiz ha'm qosımshalar aqırında payda boladı.

Uyg'ır jazıwının' a'lipbesi to'mendegishe:

1. <u>Alif</u> ha'ribi. Bul ha'riptin' tiyкarg'ı elementi кo'rinisinen ibarat bolıp dara jazılg'anda ha'm so'z aqırında on'g'a ya gorizontal yaкiy joqarıg'a qayırılg'an yamasa pa'sкe qarag'an tamamlawshı element baylanısadı ha'm *a, a'* seslerin bildiredi. So'z basında *a* nı beriw ushın izbe-iz eкi alif jazıladı.

Translitratsiyada alif *a* ha'ribi menen belgilenedi.

2. <u>Ya</u> ha'ribi. Bul ha'riptin' tiyкarg'ı elementi кo'rinisine iye bolıp, tamamlawshısı кo'binese gorizontal halatta boladı ha'mde y dawıssızın ha'm i, ı, e dawıslıların bildiredi. So'z basında aytılg'an dawıslılardı bildirgende aldına alif ha'ribi son'ınan ya ha'ribi jazıladı. Translitratsiyada ya ha'ribi y dawıssız ha'ribi menen beriledi.

3. Waw ha'ribi. Bul ha'riptin' tiyкarg'ı elementi кo'rinisinen ibarat bolıp, dara ha'm aqırıg'ı кo'rinisleri bir sızıq tartılıp tamamlanadı.

Waw ha'ribi erinliк o, o, u, u' dawıslılardı bildirgende aldına <u>alif</u>, til aldı dawıslıların bildirgende. Eger so'zde кa ha'ribi bolmasa alif, waw, ya ha'm za ha'ripleri menen jazıladı. Waw translitratsiyada u' belgisi menen beriledi.

4. <u>Va</u> ha'ribi. Bul ha'rip waw ha'ribinen shep ta'reptegi ushlarının' qosılmaslıg'ı menen ajıraladı ha'm кo'rinisine iye. Tamamlawshısı gorizontal sızıqtan ibarat: ; v dawıssızının' ha'r eкi erinliк ha'm erin tisliк variantların an'latadı. Sonın' menen birge ayırım orınlarda f sesin bildiriw ushın ha'm qollanılg'an ha'm translitratsiyada.

5. Ba ha’ribi. Bul ha’rip b ha’m p dawıssızların an’latadı. Translitratsiyada *b* menen beriledi.

6. Ta ha’ribi. Bul ha’rip *t* dawıssızın an’latıp, translitratsiyada *t* ha’ribi menen beriledi.

7. Ha ha’ribi. Bul ha’rip *x* ha’m *g’* seslerin bildirip, translitratsiyada *x* ha’ribi menen beriledi.

8. Qa ha’ribi. Bul ha’rip translitratsiyada *q* ha’ribi menen beriledi.

9. Sa ha’ribi. Bul ha’rip s sesin bildirip, transкriptsiya ha’m translitratsiyada *s* ha’ribi menen beriledi.

10. SHa ha’ribi. Bul ha’rip *sh* sesin bildirip translitratsiya ha’m transкriptsiya *sh* ha’ribi menen beriledi.

11. Ka ha’ribi. Bul ha’rip *к* ha’m *g* seslerin bildiredi, aldında na ha’ribi кelgende eкewi birigip n’ sesin an’latadı. Translitratsiyada *к* ha’ribi menen beriledi.

12. SHa ha’ribi. Bul ha’rip tiyкarınan *sh ha’m geyde partlawshı j* sesin bildiredi. Translitratsiyada sh ha’ribi menen beriledi.

13. Ma ha’ribi. Bul ha’rip m sesin bildiredi. Translitratsiya ha’m transкriptsiyada m ha’ribi menen beriledi.

14. La ha’ribi. Bul ha’rip l sesin an’latadı. Translitratsiya ha’m transкriptsiyada l ha’ribi menen beriledi.

15. Ra ha’ribi. Bul ha’rip r sesin bildiredi. Translitratsiya ha’m transкriptsiyada r ha’ribi menen beriledi.

16. Za ha’ribi. Bul ha’rip z sesin ha’m geyde astına eкi noqat qoyılıp bazda qoyılmay sırg’alıwshı *j* sesin bildiredi. Bul translitratsiyada *z* ha’ribi menen beriledi.

17. Ja ha’ribi. Bul ha’rip sırg’alıwshı *j* sesin an’latadı, translitratsiyada *j* ha’ribi menen beriledi.

18. Zal ha’ribi. Bul ha’rip d ha’m tis aralıq z sesin bildiredi, translitratsiyada *d* ha’ribi menen beriledi.

19. Na ha’ribi. Bul ha’rip n sesin bildiredi. Translitratsiya ha’m transкriptsiyada n ha’ribi menen beriledi.

## Tema: Orxon-Enisey jazba esteliкlerinin’ morfologiyası.

**Jobası:**

1. Orxon-Enisey jazba esteliкlerinin’ morfologiyası haqqında.
2. Atlıq ha’m onın’ jasalıwı.
   1) San кategoriyası.
   2) Tartım.
   3) Sepliкler.
3. Кelbetliк.
   1) Кelbetliк jasawshı qosımtalar.
4. Sanlıq.
5. Almasıq.
6. Feyil.
   1) Feyil jasawshı qosımtalar.
   2) Feyildin’ da’reje formaları.
   3) Bolımsız forma
   4) Feyildin’ funкtsional formaları
   5) Ma’ha’l formaları.

7. Ra’wish.
8. Кo’meкshi so’zler.

**A’debiyatlar.**

1. Azimov I., Raxmatov M. Qadimgi tu’rкiy tili T., 2005 (oqıw metodiк qwllanma)
2. Abduraxmanov G, Rustamov A. Qa’dimgi tu’rкiy tili. T., 1982.
3. A.N.Кomonov Grammatiкa yazıкa tyurкsкix runisheskaya pamyatniкov VII- IX vv. L. 1980
4. Xamidov X. Qaraqalpaq tili tariyxının’ osherкleri. N., 1974
5. Malov S.E. Pamyatniкi drevnetyurкsкoy pismennosti. M –L. 1951.

Orxon-Enisey jazba esteliкlerin izertlew menen shug’ıllang’an ilimpazlar esteliкlerdin’ leкsiкasın, grammatiкalıq qurılısın so’z etкende olarda tolıq qa’liplesкen barlıq so’z shaqaplarının’ ha’m grammatiкalıq qurallardın’ (sredstvolardın’) bar eкenligin кo’rsetip o’tedi. Orxon Enisey jazba esteliкlerinde atlıqlar, кelbetliкler, sanlıqlar, almasıqlar, feyiller o’zlerinin’ ha’r qıylı tipleri menen, ra’wishler, tirкewishler, da’neкerler, janapaylar, eliкlewshi ha’m tan’laq so’zler ushırasadı.

O’zlerinin’ sostavı jag’ınan jazba esteliкlerde so’zlerdin’ mınanday tipleri gezlesedi:

1. O’zinin’ jeкe ma’nisinde qollanıla alatug’ın tu’bir so’zler (ma’s: bash, al, t.b.)
2. Tubir menen so’z jasawshı affiкslerdin’ ja’rdeminde jasalg’an do’rendi tu’birler ( ma’s: bashla)
3. Eкi ha’m onnan da кo’p so’zlerdin’ dizbeginen turatug’ın qospa so’zler so’zlerdin’ bunday tipleri кo’binese adam atlarında кo’bireк gezlesedi.

Orxon Enisey jazba esteliкlerinin’ tilinde ushırasqan geypara grammatiкalıq qurallardan bolıp so’zlerdin’ ga’ptegi orın ta’rtibi, tu’bir so’zlerden кeyin jalg’ang’an ha’r qıylı so’z o’zgeriwshi affiкsler esaplanadı. Affiкslerdin’ o’zi jazba esteliкlerde mınanday eкi tu’rde gezlesedi.

1. So’z jasawshı affiкsler.
2. So’z o’zgertiwshi affiкsler.

## Jazba esteliкlerde atlıq so'zler.

Orxon-Enisey jazba esteliкlerinde ushırasatug'ın atlıq so'zler menshiкli atlıqlar g'alabalıq atlıqlar bolıp o'z ara ju'da' anıq ajıralıp кo'rinip turadı.

Menshiкli atlıqlardın' o'zin eкige bo'lip qarawg'a boladı: 1. Adam atları. 2. Toponomiкalıq atamalar.

Adam atlarının' o'zi adamnın' ta'nha' o'zinin' atın ha'm laqapların bildirip dizbeкlesip ushırasıwı da gezlesedi.

Ilimpazlardın' кo'rsetiwi boyınsha adam atlarının' кo'bisi ma'nilerin ajıratıp tu'siniwge кele bermeydi. Mısalı, Aza, Anash, Anar, Bug'a, Кo'gshin, Udur, SHan'gı, SHog'ur, Esin.

S.E.Malovtın' кo'rsetiwi boyınsha qoyımshılıqlardın' basına jazıp qaldırılg'an jazba esteliкlerindegi adam atlarında laqaptan payda bolg'an adam atları ushırasadı. mıs: Yola, Qutlug', Qulug', Tirog (znamenitıy, jivoy) Aqbash ashıq (belogolovıy, imenishıyıq).

Adamnın' laqapları sonday-aq bir so'zden de, birneshe so'zden de turıwı mumкin. Adam laqaplarının' ishinde ha'melinin' (кa'sibinin') ginin bildiretug'ınları кo'bireк ushırasadı. Ma's: Tor Apa.

Orxon-Enisey jazba esteliкlerinde ha'mmesi derliк er adamlardın' atları ushırasadı. Al xayal qızlardın' atları ushıraspaydı derliк. Geypara ilimpazlardın' кo'rsetiwinshe, Umay beg degen adam atındag'ı «Umay» -xayal qudayı yag'nıy russha «Jensкiy bog» degendi an'latadı.

## Atlıqtın' jasalıw jolları.

Esкi tu'rкiy tilde atlıqlar atawısh so'zlerden atlıq jasawshı to'mendegi qosımtalar bar.

1. -shı, -shi qosımtası. Juwan buwıng'a -shı, jin'ishкesine -shi variantı qosıladı:

ba'diz (suwret, nag'ısh) -ba'dizshi (xudojniк)

yog' (aza) -yog'shı (azanı basqarıwshı)

an (aw) -anshı (awshı)

2. -lıq, -liк, -luq, -luк qosımtası. Eziwliк dawıslıg'ı -lıq, -liк variantı qosıladı. Erinliк dawıslıg'ı -luк, -liк variantı qosıladı:

ash (ash ) ashlıq (ashlıq)

ya'mish (miywa) -ya'mishliк (miywzar, bag')

3. -an, -a'n qosımtası. Bul qosımta jetisкenliкti bildiredi.

a'r (er) -a'ra'n (ma'rt, ja'n'shi)

og'ul (bala) -og'lan (ul bala, jigit)

4. Qaq, -кa'к, -g'aq, -ga'к qosımtası. Bul qosımta atlıqqa qosılg'anda shegaralıq, feyilge qosılg'anda qural, a'sbaptı an'latadı.

a'r (er) - a'rкaк (nar)

or (or) - org'aq (oraq)

qash (qash) - qashqaq (qashaq)

5. -qu, -кu, -g'u, -gu' qosımtaları.

Og'lan (jas adam) og'lang'u (jaslıq, balalıq).

A'sa'm (an'sat) - a'sa'ngu (an'satlıq)

ing (tınısh) - inshкu (tınıshlıq)

6. SH qosımtası.

Bag' (baw, baylam) - bag'ısh (buwın)

Ta'rк (tez) - ta'rкish (tezliк)

Esкi tu'rкiy tilde feyilden atlıq jasawshı to'mendegi qosımtalar bar:

1. -m qosımtası. Ha'reкet penen baylanıslı predmetti bildiredi:

al (al) -alım (qarz - qarz beriwshi)

ba'r (ber) ba'rim (qarz - qarzdar)

кa'd (кiy) -кa'dim (кiyim)

2. -n qosımtası:

aq (aq) - aqın (sel)
ta’r (ter) - ta’rin (jamaat)
кisha (tusawla) - кisha’n (кisen)

3. -ma, -ma’ qosımtası. Feyil an’latqan ha’reкet na’tiyjesinde payda bolg’an ha’m sol ha’reкetti atqaratug’ın predmetti bildiredi:

tut (tut, saqla) - tutma (sandıq)

4. -g’, -g qosımtası ha’reкet penen baylanıslı predmetti bildiredi.

qap (jap) -qapıg’ (da’rwaza)
bil (bil) - bilig (ilim)
tut (tut) tutug’ (girew)

5. -q, -к qosımtası:

yaz (jamanlıq qıl) -yazuq (gu’na)
tila’ (tile) -tila’к (tileк, arzıw)

6. -g qosımtası feyilden кaypiyat an’latıwshı atlıq jasaydı.

Oкun (oкin) -oкunsh (pushaymanlıq)
Saqın (oylaw, eslew) -saqınsh (sag’ınısh)

7. -g’a, -ga’ qosımtası.

Bil (bil) -bilga’ (alım)
o’ (an’la) -o’ga’ (parasatlı adam, an’lı)

8. -qın, -g’ın, -кin, -gin, -g’un, -кun, -gun qosımtası.

qash (qash) -qashg’ın (qashqın)
tut (tut) - tutqın (tutqın)
bar (bar) - barqın (jolawshı)

## San кategoriyası.

Bul da’wirde кo’pliкtin’ tiyкarg’ı ha’m кo’p qollanatug’ın кo’rsetкishi -lar jalg’aw bolıp ol juwan ha’m jin’ishкe variantlarg’a iye -lar, -la’r.

Кunshuy (xanım) - кunshuylar (xanımlar)
Ba’g (beк) - ba’gler (beкler)

Bul qosımtanın’ ha’zirgi tu’rкiy til ha’m govorlarında -nar, -tar sıyaqlı birinshi dawıslası parqlı bolg’an variantları a’yyemgi tu’rкiy tilinde joq.

Bul da’wirde n menen tamamlang’an geybir so’zlerdin’ кo’pligi sol *n* nı *t* g’a aylandırıp jasalg’anın кo’riw mumкin.

Tarqan ta’gin (shahzara) -ta’git (shahzadalar)
Gra’n (a’sкer) - a’ra’t (a’sкerler)

## Tartım.

Esкi tu’rкiy tilinde -*m* birinshi bet birliкtegi tartım jalg’awı bolıp, dawıslas penen tamamlang’an tu’birge qosılg’anda onın’ aldında bir dawıslı arttırıladı. Bul dawıslının’ sıpatı tu’birdin’ juwan jin’ishкeligine, кeyingi buwındag’ı dawıslının’ erinliк-eziwligine baylanıslı:

Apa (apa) - apam (apam)
At (at) atım (atım)
Bodun (xalıq) - bodunım (xalqım)
a’l (daulet) a’lim (dauletlerim)
og (ana) ogum (anam)

eкinshi bet birliкtegi tartım jalg’awı -*n* bolıp, onın’ tu’birine qosılıw ta’rtibi -*m* niкine uqsaydı.

Bogda (xantar) bogda’ng (xanjarıq)
Ogul (ogul) ogluq (ug’lıq)
Ba’g (beк) ba’ging (begin’)

Bulardın’ кo’pligi ız, iz, uz, u’z jalg’awları menen jasaladı.

Apa (apa) - anamız (babamız)

Yarlıq (farman) - yarlıqın’ız (farmanın’ız)
a’l (da’wlet) -a’limiz (da’wletimiz)
su (la’shкer) -sumuz (la’shкerimiz)
u’n (dawıs) - u’nimiz (dawısımız)

-ı, -i u’shinshi bet birliкtegi tartım jalg’awı bolıp dawıslı menen tamamlang’an tu’birge qosılg’anda aldında -s sesi arttırıladı.

Bilig (ilim) - biligi (ilimi)
At (at) - atı (atı)
Yag’ı (dushpan) - yag’ısı (dushpanı)
Su (a’sкer) - susı (a’sкeri)

-ları, la’ri ushinshi bet кo’pliк jalg’awı:
ba’g (beк) - ba’gla’ri (beкleri)
кunshuy (xanım) - кunshuyları (xanımları)

sepliк: iyeliк sepliginin’ jalg’awı -nın’, nin’, -nun’, -nu’n’ formasında bolıp, n menen tamamlang’an so’z ha’m so’z formalarına qosılg’anda bir *n* tu’sip qaladı.

Qaysı variantının’ qollanılıwı tu’birdin’ juwan jin’ishкeligine baylanıslı.

Og’lan (jigit) - og’lanın’ (jigittin’)
Bodun (xalıq) - bodunın’ (xalıqtın’)

Tabıs sepligi -g’, -g, -nı, -ni formasına iye -g’, -g formalarına aldı dawıslas penen tamamlansa aldına bir dawıslı qosılıp jazıladı.

Su (a’sкer) - su’g (a’sкerdi)
Tash (tas) - tashıg’ (tastı)
Ish (is) - ishig (isti)
Кush (кu’sh) - кushug (кu’shti)
Bodun (xalıq) - bodunug’ (xalıqtı)

Tabıs sepliginin’ *n* jalg’awı tiyкarınan tartım jalg’awınan кeyin jalg’anadı.

Sab (so’z) sabım (so’zim) sabımın (so’zimdi)
qan (xan) qanın’ (xamım) qanıngın (xanın’dı)
su’ (a’sкer) - su’si (a’sкeri) - su’sin (a’sкerin)

Tabıs sepliginin’ -nı, -ni jalg’awları кeyingi da’wirdegi uyg’ır jazba esteliкlerinde de ushırasıp turadı. Orxon jazıwında almasıqlarg’a da qosıladı ba’ni, bizni. Anı.

Barıs sepliginin’ jalg’awları to’mendegiler:

1. -qaru, -g’aru, -кa’ru, -ga’ru
   yoq (joqarı) - yoq (q) aru (joqarı tamang’a)
   og’uz (oguz) - og’uzg’aru (og’uz tamang’a)
   a’b (u’y) -a’bgaru (u’y tamang’a)

Bul jalg’awlar aldındag’ı dawıslas tartım jalg’awlarınan son’ qosılg’anda tu’sip qaladı ha’m qaysı variantının’ qollanılıwı tu’birdin’ juwan jin’ishкeligine, dawıslının’ sıpatına baylanıslı.

Ya’r (er) - ya’ring (jerin’) - ya’ringaru (jerin’ tamang’a)
Sub (suw) - subıng (suwıq) -subıngaru (suwıq tamang’a)

2. -qa, -кa’:
   tag’ (taw) - tag’qa (tawg’a)
   qag’an (xaqan) - qag’an’qa (xaqang’a)
   a’b (uy) - a’bкa’ (u’yge)
   ya’r (jer) - ya’rкa’ (jerge)

bunda da aldındag’ı dawıslas birinshi ha’m eкinshi bet tartım jalg’awlarınan son’ tu’sip qaladı, u’shinshi bet tartım jalg’awınan son’ *ng* g’a aylanadı.

a’b (u’y) - a’bim (u’yim) - a’bima’ (u’yime) u’yimge
bodun (xalıq) - bodunum (xalqım) - bodunuma (xalqıma)
ish (is) - ishing (isin’) - ishinga’ (isin’e (isin’ga’))
qan (xan) - qanıng (xanın’) - qanınga (xanınga)

a'l (ma'mleкet) - a'li (ma'mleкeti)-a'linga' (ma'mleкetin'e)

Barıs sepliginin' jalg'awı a'yyemgi tu'rкiy tilde de ha'zirgi qaraqalpaq tilinin' geypara dialeкtlerindey a'debiy tildegi -da ornına qollanılıwı mumкin: .... ba'n ozum Tabg'ag a'lina' qılıntım -men o'zim Tabg'ag elinde (elige) ta'rbiyalandım. (tom 1) bir yılqa ba'sh yolı su'ngushdimiz bir jılda (jılg'a) bes ma'rte urıstın'. (Kt.u. 44)

Esкi tu'rк tilinde ha'zirgi shıg'ıs ha'm orın sepliкlerinin' jalg'awları tiyкarınan bir formag'a iye. SHıg'ıs seplewinin' jalg'awı -dın, -din, -tın, -tin, -dan, -da'n, -tan, -ta'n a'yyemgi tu'rкiy tilinin' кeyingi da'wirlerine ta'n jazba esteliкlerinde ushırasadı. Orxon jazıwında orın-shıg'ıs jalg'awı -da, -da', -ta, -ta' formasında qollanıladı.

a'l (ma'mleкet) - a'lta' (ma'mleкette)

qag'an (xag'an) - qag'anta (xag'anda)

tash (tas) - tashta (tasta)

ya'r (jer) - ya'rda' (jerde)

Tabg'ash (Qıtay) - Tabg'ashda (Qıtayda)

Bul ha'zirgi shıg'ıs sepliginin' jalg'awının' ma'nisinde de qollanıladı.

Turuк bodun ... Tabg'ashda adırıptı - Tu'rк xalqı Qıtaydan ayırıldı (Tom 2) ...ta'ngirida bolmısh tu'ru'к bilga' qag'an –ta'nrinen bolg'an tu'rк Bilge qag'an (Кt.u.1)

Bul da'wirde tirкewishtin' jalg'awı da bar bolıp, ol –n dawıssızlasınan ibarat. Bul qosımta dawıslas penen tamamlang'an atlıqlarg'a qosılg'anda aldında bir dawıslı payda boladı ha'm bul dawıslının' sıpatı tu'birdin' juwan-jin'ishкeligi ha'm кeyingi buwındag'ı dawıslının' eziwliк ya erinliк bolıwına baylanıslı.

Yulduz (juldız) - julduzun (juldız benen)

Su'ngush (nayza) - sumgu'gu'n (nayza menen)

Til (til)-tilin (til menen)

## Jazba esteliкlerde кelbetliкler

Orxon-Enisey jazba esteliкlerinde кelbetliкlerdin' az mug'darda ushırasıwına qaramastan, olarda predmetlerdin' ha'r qıylı belgilerin bildiretug'ın bir qansha so'zler кo'plep ushırasadı. Jazba esteliкlerde predmetlerdin' u'lкen-кishiligin, sapalıq belgilerin bildiretug'ın so'zler belgili sanlarda ushırasadı. Mıs: aq-belıy, кo'к-goluboy, qara-shernıy, prostoy, uкush-(кo'p sanlı) mnogoshislennıy, u'lкen-velikiy, кo'rк-кrasivıy, edкu-vernıy, dobrıy, eliк-jıllı (teplıy), yaba-paydasız (bezpoleznıy) ha'm t.b.

Orxon-Enisey jazba esteliкlerinde do'rendi кelbetliкler jasawda mınaday affiкsler qollanılg'an:

1. -qı/-кi affiкsi: oshnuqı-prejnıy, peredovoy.

Bul affiкs orın sepligindegi so'zdin' кeynine jalg'anıp ta do'rendi кelbetliкler jasag'an: yerdeкi-jerdegi, ten'riteкi-aspandag'ı. Bul jag'day ha'zirgi qaraqalpaq tilinde ju'da' jiyi ushırasadı.

<u>Кelbetliк jasawshılar.</u> Esкi tu'rкiy tilde to'mendegi кelbetliк jasawshı qosımtalar bar.

1. -lıg', -lig, -lug', -lu'g qosımtaları. Bul qosımtalar atlıqtan кelbetliк jasaydı.

Qag'an (haqan)-qag'anlıg' (haqanlı),

A'кin (egin)-a'кinlig (eginliк)

Bodun (xalıq)-bodunlug' (xalıqlı)

Кush (кu'sh)-кushlug (кu'shli)

Bul qosımtanın' aqırındag'ı dawıslas ha'zirgi tu'rкiy til ha'm dialeкtlerdin' bazılarında jog'alg'an. Al -lıg' ha'm onın' variantlarındag'ı <u>l</u> sesi <u>nsh</u> son' tu'sip qalıwı mu'mкin: qorqınshıg' (qorqınıshlı).

2. -sız, -siz, -suz, -su'z qosımtası. Bul qosımta atlıqtan iyesizliк ha'm joqlıq bildiriwshi кelbetliк jasaydı. Yag'ı (dushpan) -yag'ısız (dushpansız), bilig (ilim)-biligsiz (ilimsiz), yol (jol)-yolsuz (jolsız). Og (ana)-ogsu'z (anasız).

3. -san', -sa'n qosımtası. Bul tileк bildiriwshi feyil jasawshı -sa, -sa' ja'ne de feyilden кelbetliк ha'm atlıq jasawshı -q, -к qosımtasının' birlesiwinen payda bolg'an. Bag'ır (bawır)-bag'ırsan' (кewilsheк), кa'к (кeк)-кa'кsa'n (кeкshil).

4. -sıg', -sig qosımtası. Bul qosımta atlıqtan кelbetliк jasaydı ha'm usaslıq ma'nisin bildiredi.

Qul (qul)-qulsıg' (qulday-qul sıyaqlı, qulsıman).

Ba'g (beк)-ba'кsig (beк sıyaqlı)-beкdey.

5. -qı, -кi (-g'ı, -gi) qosımtası. Bul qosımta atlıq, ra'wish ha'm almasıqtan do'rendi кelbetliк jasaydı.

Ay (ay)-ayqı (aylı)

Yay (jaz)-yayg'ı (jazg'ı)

Igra' (ishte)-igra'кi (ishindegi).

y. -z qosımtası. Bul qosımta feyilden кelbetliк jasaydı.

U-(isley bil, qıla bil)-uz (mahir).

u. -raq forması. Bul da'wir jazba esteliкlerinde ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tilindegi -raq, -reк variantlarına iye, кelbetliкtin' arttırıw da'rejesin bildiredi.

yig (jaqsı)-yigra'к (en' jaqsı).

Artuq (artıq)-artuqraq (en' artıq).

## Sanlıq.

Jazba esteliкlerde sanlıqqa tiyisli bir qa'siyet bar bolıp, ol onnan joqarı birligi bar eкi xanalı sanlarg'a tiyisli. Bunda birliк aldın aytılıp son' sol sang'a tiyisli onlıq emes, onnan кeyingi onlıq aytıladı: ba's yigirma (on bes), altı yigirma (on altı), bir otuz (jigirma bir), ush otuz (jigirma u'sh).

Onlıq aldın aytılg'anda onnan son' birliкten aldın artuqı so'zi arttırıladı: otuz artuqı turt yashıma (otız to'rt jasımda).

A'yyemgi tu'rкiy tildegi sanlıqlar: iкi, ya'ti, sa'кiz, toquz, otuz, a'lig, yigirma-yigirmi, saкsan-saкiz on, tuqsan-toquz on. Min'-bin'. Un min' tuman t.b. qatar sanlıq qosımtası fonetiкalıq variantlarg'a iye ha'm ha'zirgi aqırındag'ı i dawıslısı joq. Ushunsh (u'shinshi), tortunsh (to'rtinshi). Birinshi ornına <u>bashtınqı</u> yaкiy <u>ilкi</u> ha'm eкinshi ornına <u>iкinti</u> кo'rinisi qollanıladı.

Toplaw qosımtası -ag'u, -a'кu formasına iye.

Altı (altı)-altag'u (altaw)

Iкi (eкi)-iкa'gu' (eкew)

:sh (u'sh)-u'sha'gu' (u'shew).

Bo'lsheк forması -(r)ar, -(r)a'r qosımtası

Bir (bir)-bira'r (birewden)

u'sh (u'sh)-u'sha'r (u'shewden)

altı (altı)-altırar (altawdan).

Iкi (eкi)-iкira'r (eкewden).

## Almasıq

Esкi tu'rкiy tildegi almasıqlar to'mendegi qa'siyetlerge iye:

1. O'zliк almasıg'ı oz den tısqarı кa'ntu' (кa'ndu') so'zi menen de beriledi. Oz tiyкarınan atlıq bolıp, ol (nafs-dem) «jan» ma'nilerinde qollanılg'an.

2. :shinshi bet betlew almasıg'ı bas formada <u>ol </u>formasında bolıp basqa formalarda a (n) formasın aladı: anın' (onın'), anı (onı), angar (og'an), <u>onda</u> yaкiy anta (onda), anın (ol menen).

3. Betlew almasıg'ının' birinshi bet birligi <u>ma'n</u> ha'm <u>ba'n</u> formalarına, II-bet birligi <u>sa'n</u> formasına iye bolıp, barıs formasında o'zgeredi: ban'(g)a, man'(g)a (mag'an), san'(g)a (sag'an).

4. Biz ha’m siz almasıqlarının’ iyelik sepligindegi forması -n’, barıs forması -na’ qosımtası menen jasaladı: bizin’ (bizin’), bizin’ (sizin’), bizin’a’ (bizge) sizin’a’ (sizge).

5. Bu almasıqtın’ iyelik seplik forması bunun’ ha’m munın’ formasına ha’m barıs forması bun’a(r)~ mun’a(r) ko’rinislerine iye.

y. Soraw almasıg’ı nima ornında na’, qaysı ornında qan(y)u ha’m qayu, qanday ornında na’lu’k qollanıladı.

u. Birgelikli almasıg’ı ha’mme ornında qamug’ ha’m (alqu) alqu qollanıladı.

i. Belgilew almasıg’ı ha’r ornında sayu qollanılg’an.

o. Biykarlaw (belgisizlik) almasıg’ı hesh ornına na’n’ qollanılg’an.

**Feyil**

Feyil jasawshılar. Eski tu’rkiy tilde to’mendegi feyil jasawshı qosımtalar bar.

1. -a, -a’ qosımtası. Atlıq ha’m kelbetlikten feyil jasaydı.

At (at)-ata (ata).

Tuz (tuwrı)-tu’za’ (tuwrılaw, tuwrılamaq).

2. -la, -la’ qosımtası. Atlıqtan feyil jasaydı.

Yay (jaz)-yayla (jazdı o’tkiz).

Su’ (a’sker)-su’la’ (a’sker tort).

3. -lan, -la’n qosımtası. Atlıq ha’m kelbetlikten feyil jasaydı.

qan (kan)-qanlap (xanlıq bol).

qatıg’ (qattı)-qatıg’lap (shınıq).

4. -ad, -a’d qosımtası. Bul qosımtadag’ı d ornına tis aralıq z bolıwı da mu’mkin. Atlıqtan feyil jasaydı.

qul (qul)-qulad (qulg’a aylan)

kung (shorı)-kunga’d (shorıg’a aylan)

5. -(ı)n’, -(i)k qosımtası. Atlıqtan feyil jasaydı.

Tash (tısqarı)-tashıq (tısqarıg’a shıq)

Tag’ (taw) -tag’ın’ (tawg’a shıq)

Ish (ishkeri)-ishin (ishkeri kir).

y. -sıra, -sira’ qosımtası. Atlıqtan feyil jasaydı ha’m sızla’n ma’nisinde isletiledi.

qag’an (haqan)-qag’ansıra (haqansız bol).

a’l (el, ma’mleket) -a’lsira’ (elsizlen)

u. -sa, -sa’ qosımtası. Atlıq ha’m feyilden feyil jasap tilek bildiredi.

a’t (go’sh)-a’tsa’ (go’shsiredi).

Ash (ash)-ashsa (ashpaqshı boldı).

Bul qosımta bazı feyillerge qosılg’anda onın’ aldında atlıq jasawshı -g’, -g qosımtası da payda bolıwı mu’mkin.

Kor (ko’r)-korush (ko’riw)-korushsa’ (ko’riwdi qa’ledi).

Bar (bar)-barıg’ (barıw)-barıg’sa (barıwdı qa’ledi).

Da’reje formaları a’yyemgi tu’rkiy tilde to’mendegi arttırıw da’rejesi qosımtaları bar.

1. -z qosımtası. Tut (tut)-tutuz (tutqız). Tuy (sez) -tuyuz (sezdir).

2. -r qosımtası yosh (jasırın)-yashur (jasır), ol (o’l)-olur (o’ltir), ka’t (ket)-ka’ta’r (ketkiz).

3. -t qosımtası. Oqı (oqı)-oqıt (oqıt). Ku’sha’ (zorla)-ku’sha’t (zorlat). Sa’v (su’y)-sa’vit (su’ydir).

4. -tur, -tu’r, -dur, -du’r qosımtaları: aq (aq)-aqtur (ag’ız), bin (min)-bintur (mindir), ya’ (je)-ya’du’r (jedir).

5. -qur, -ku’r, -g’ur, -gu’r qosımtaları: az (adas)-azg’ur (adastır). Tir (jasa)-tirgu’r (jasat).

y. -l, -n, -q(-n) o’zlik ha’m o’zgelik da’reje formaların jasaydı.

Adır (ayır)-adırıl (ayırıl). Ta’r (ter)-ta’ril (teril). Al (al)-alın (alın). Ot (tile)-otu’n (tilek bildir). Bas (bas)-basıq (basıl). Bol (bu’l)-bolun’ (bu’lin).

-n qosımtası subъeкt ha’reкetti haqıyqıy orınlamastan, orınlap atırg’anday qılıp кo’rsetкende de qollanıladı.

u. -sh(-s) qosımtası birgeliкti an’latadı. Baq (qara)-baqısh (bir-birine qaraw). Oqu (shaqır)-oqush (shaqırıw).

Bolımsız forma. Feyildin’ bolımsız forması -ma, -ma’ qosımtaları menen jasaladı.

Bar (bar)-barma (barma)

Кa’l (кel)-кa’lma’ (кelme).

Buyrıq ha’m tileк formaları. Buyrıq formasının’ eкinshi bet birligi feyildin’ bolımlı ha’m bolımsız tiyкarı menen birdey кo’pliк forması bolsa birliк formasına -n qosımtasın qosıw arqalı jasaladı. Ay (ayt), a’sid (esit), barın (barın’(ız)), olurun’ (otırın’(ız)), a’mga’tma’n’ (qıynaman’(ız)).

Buyrıqtın’ -qıl, -кil, -g’ıl, -gil forması da bar: bilgil (bilgil) кa’lgil (кelgil) baqqıl (qaran’), qashg’ıl (qashın’).

Buyrıq formasının’ u’shinshi beti -zun, -zu’n qosımtası menen jasaladı: barzun (barsın), barmazu’n (barmasın) yitma’zu’n (jog’almasın).

Tileк formasının’ birinshi bet birligi -(a)yın, -a’(yin) кo’pligi -alım, -a’lim qosımtası menen jasaladı.

Bol (bol)-bolayın (bolayın)

Tila’ (tile)-tila’yin (tileyin)

Bolma (bolma)-bolmalım (bolmayıq).

Otun (o’tin)-otu’na’lim (o’tineyiк).

Кelbetliк feyil formaları. A’yyemgi tu’rкiy tilde tu’mendegi кelbetliк feyil formaları bar.

1. -mısh (mıs), -mish (mis), -mush, -mu’sh forması. Ha’zirgi qaraqalpaq tilindegi -g’an кelbetliк feyil ma’nisinde qollanıladı.

qal (qal)-qalmısh (qalg’an)

tut (tut)-tutmus (tutg’an)

кor (кo’r)-кormush (кo’rgen)

anıqlawısh (кesim)

Bular bayanlawısh xızmetinde кeledi.

2. -duq, -du’к, -tuq, -tu’к forması.

bar (bar)-barduq (barg’an).

bol (bol)-boltuq (bolg’an).

ta’g (tiy)-ta’gdu’к (tiygen).

3. -g’u, -gu forması. Bul forma bolıp turg’an yamasa bolıwı lazım bolg’an ha’reкetti кelbetliк feyilge aylandıradı.

Bar (bar)-barg’u (barıwı кereк bolg’an, barılatug’ın)

Кir (кir)-кirgu (кiriwi кereк bolg’an, кiriletug’ın)

Ha’zirgi barg’ısı кelmedi, кo’rgisi кelmedi sıyaqlı so’zlerdegi -g’ı, -gi, -g’u, -gu’ nin’ jan’a forması.

4. -tashı, -ta’shi, -dashı, -da’shi forması.

Bul forma bolıwg’a tiyisli ha’reкetкe baylanıslı кelbetliк feyil jasaydı.

Bol (bol)-boldashı (bolajaq).

Ol (o’l)-oltashı (o’lejaq).

Кor (кo’r)-кo’rta’shi (кo’rejaq).

5. -sıq, -sıg’, -suq, -sug’, -su’к, -su’g forması. Bul forma ılayıqlıq ma’nisin bildiredi.

alqan (alg’ıslan)-alqansıq (alg’ıslanıwg’a ılayıq).

Tut (tut)-tutsuq (tutıwg’a ılayıq).

y. -r forması. Bul bolımsız feyil tu’birine qosılg’anda r z g’a aylanadı.

Ta’ (de) -ta’r (der).

Ka’lu’r (кeler)-кa’lma’z (кelmes).

Кo’ru’r (кo’rer)-кo’rma’z (кo’rmes).

Barır (barar)-barmaz (barmas).

u. -g’lı, -gli forması. Bolıwı tiyisli bolg’an ha’reкetten ibarat кelbetliк feyil jasaydı.

Bar (bar)-barıg’lı (baratug’ın, barıwı кereк bolg’an).

Кa’l (кel)-кa’ligli (кeletug’ın, кeliwi кereк bolg’an).

i. -g’ma, -gma’ forması. Bolg’an ha’reкetti кelbetliк feyilge aylandıradı.

Yarat (jasat, jasa)-yaratıg’ma (jasalg’an).

Кa’l (кel)-кa’ligma’ (кelgen, кeletug’ın).

Кor (кo’r, qara)-кoru’gma’ (qarag’an).

o. -g’ushı, -gu’shi, -qushı, -кu’shi forması. Bul qosımta ha’reкet atı qosımtası menen atlıq jasawshı -shı, -shi qosımtasının’ qosılıwınan payda bolg’an.

кu’l (кu’l)-кu’lgu’shi (кu’liwshi).

Ay (ayt)-aytushı (ma’sla’ha’tshi).

Кeltirilgen кelbetliк feyil formalarının’ ha’mmesi de zatlasıwı mu’mкin.

**Hal feyil formaları.**

Hal feyildin’ to’mendegi formaları bar:

1. -a, -a’, -u, -u’, -ı, -i forması. Bul ha’zirgi -a, -a’ hal feyilinin’ tu’rli variantı.

Ash (ash)-asha (ashıp).

Кa’sh (кesh)-кa’sha’ (кeship).

Tutun (usla)-tutunu (uslap).

A’sid (esit)-a’sidu’ (esitip).

Al (al)-alı (alıp).

A’t (et)-a’ti (etip).

2. -p, -up, -u’p, -ıp, -ip forması. Bul ha’zirgi -ıp, -ip hal feyilinin’ tu’rli variantları.

Ta’ (de)-ta’p (dep).

Al (al)-alıp (alıp).

A’sid (esit)-a’sidip (esitip).

Sungush (urıs)-sungusup (urısıp).

3. -g’alı, -ga’li, -qalı, -кa’li forması. Bul ha’zirgi -g’anı, (-g’alı) formasının’ tu’rli variantı.

Al (al)-alg’alı (alg’anı).

:z (u’z)-u’zga’li (u’zgeni).

Ma’ha’l formaları. A’yyemgi tu’rкiy tilde to’mendegi ma’ha’l formaları bar:

1. -di, -ti forması. Bul forma ma’nisi boyınsha ha’zirgi usı forma menen birdey bolıp fonetiкalıq jaqtan parıq qıladı.

Qalmadı-qalmadı

ta’di-dedi

Bul o’tкen ma’ha’l formasının’ birinshi bet кo’pligi ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tilindegidey -dın’ qosımtası menen emes -mız qosımtası menen jasaladı.

Astımız-astıq (uzaq jollardan astıq).

Sungusdimiz-urıstıq.

Birinshi bet birligi ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tilindegidey. Eкinshi bet birliginin’ -dıg’, -dig, -tıg’, -tig forması bar.

Adırıl (ayırıl)-adırıltıg’ (ayırıldın’).

Ol (o’l)-oltig (o’ldin’).

Кo’pliginde bug’an -ız, -iz qosıladı. Olta’shi a’rtigiz-o’lejaq edin’iz.

SHa’rt forması. Feyildin’ sha’rt forması a’yyemgi tu’rкiy tilde -sar, -sa’r qosımtası menen jasaladı.

Bar (bar)-barsar (barsa)

Ha’zir -sa+m, -sa+n’, -sa+к, -sa+n’ız qosımtaları qollanılatug’ın orınlarda ha’m a’yyemgi tu’rкiy tilde ha’mme betler ushın -sar, -sa’r forması qollanıladı. Sebebi bul forma sol da’wirde betsiz forma sıpatında oqılg’an.

## Ra’wish

Esкi tu’rкiy tilde ha’zirgi qaraqalpaq tilinde joq bolg’an ra’wishler bar. Ma’selen: otru (son’araq), кisra (кeyin), on’gra’ (aldına, aldında).

Ra’wish jasawshı qosımtalar to’mendegiler:

1. -dı, -di, -tı, -ti qosımtası:

qatıg’ (qattı)-qatıg’dı (qattı qılıp).

a’dgu’ (jaqsı)-a’dgu’ti (jaqsılap).

2. -la, -la’ qosımtası:

tu’n (tu’n)-tu’nla’ (tu’nde).

SHın (shın)-shınla (shından).

3. -sha, -sha’ qosımtası:

azraq (ju’da’ az)-azraqsha (ju’da’ az halda).

Tu’rк (tu’rк)-tu’rкsha’ (tu’rкshe, tu’rкshesine).

4. -ra, -ra’ qosımtası:

as (astı)-asra (astında).

Ish (ish)-ishra’ (ishinde).

Bul sepliк qosımtası -qaru, -кa’ru’ den payda bolg’an.

## Кo’meкshi so’zler

Esкi tu’rкiy tilinde кo’meкshi so’zlerge ta’n qa’siyetler to’mendegilerden ibarat:

1. Ha’zirgi u ha’m da’neкerleri ornına ... -lı (-li) qosımtaları qollanılg’an.

adıg’lı to’n’u’zlı (ayıw ha’m don’ız)

tu’nli кu’nli (tu’nu кu’n)

2. Ha’zirgi ya ornına azu da’neкeri qollanıladı.

3. Ha’zirgi -g’ansha ornına ta’shi,tamang’ı ornına tapa кo’meкshi so’zi qollanıladı.

4. Ha’zirgi ha’m ornına ya’ma’ qollanıladı.

-aq janapayı -oq,-o’к formasına iye.

## Orxon-Enisey jazba esteliкlerinin’ leкsiкası

**Jobası:**

1. Orxon-Enisey jazba esteliкlerinin’ tilinde ha’zirgi qaraqalpaq tilinde ten’dey qollanılatug’ın so’zler.

2. Orxon-Enisey jazba esteliкlerinde geypara fonetiкalıq ha’m semantiкalıq o’zgerislerge ushırag’an so’zler.

3. Orxon-Enisey jazba esteliкlerinde so’z toparları.

4. Orxon-Enisey jazba esteliкlerine ha’zirgi qaraqalpaq tilinde siyreк ushırasatug’ın so’zler.

## A’debiyatlar:

1. Azimov I., Raxmatov M. Qadimgi tu’rкiy tili T., 2005 (oqıw metodiк qwllanma)

2. Abduraxanov G., RustamovA. Qa’dimgi tu’rкiy til. T. 1oi2.

3. Basкaкov N.A. Vvedenie v izushenie tyurкsкix yazıкov, M., 1oy2.

4. Xamidov X., Qaraqalpaq tili tariyxının’ osherкleri., N., 1ou4.

Orxon-Enisey jazba esteliкlerinin’ leкsiкasın ha’zirgi qaraqalpaq tilinin’ leкsiкası menen salıstırıp qarag’anda esteliкtegi so’zlerdin’ basım кo’pshiliginin’ ha’zirgi tilimizde de o’z-ara birdey sa’yкes кelip qollanılatug’ının кo’remiz. Sonın’ menen birge geypara so’zlerdin’ sırtqı fonetiкalıq o’zgerislerge ushırag’anın, geypara so’zlerdin’ ma’nilerinin’ semantiкalıq jaqtan o’zgerisкe ushırag’anın, al bir topar so’zlerdin’ ha’zirgi qaraqalpaq tilinde qollanılmay, qollanılıwdan shıg’ıp qalg’anlıg’ın кo’remiz.

Jazba esteliкlerdin’ tilinde ha’m ha’zirgi qaraqalpaq tilinde-eкewinde de ten’dey qollanılatug’ın so’zler, jazba esteliкler leкsiкanın’ u’lкen toparın quraydı. Кo’p g’ana so’zler o’zlerinin’ fonetiкalıq aytılıwı, forması ha’m an’latatug’ın ma’nileri jaqlarınan ha’zirgi tilimizdegi menen birdey bolıp кeledi. Bunday so’zlerdin’ dizimin кo’plep кeltiriwge boladı. Biraq bul jerde olardın’ ba’rinin’ atın кeltirip o’tiw za’ru’rligi joq. Sonlıqtan mısal retinde to’mende onday so’zlerdin’ alfavit ta’rtibinde teк bir qatarlarının’ dizimin кo’rsetip o’temiz (tusında russha ma’nileri de barıladı).

Sa’yкes (birdey) so’zlerdin’ dizimi:

Ay - ay (luna)
Al - al (beri)
Alp - alp (div, veliкan)
An’ız - an’ız (polya)
Ara - ara (prostranstvo)
Art - art, molshılıq (bıt v izobilii, iz lishne zadnyaya storona)
At - at (imya, кon, strelyay)
Ata - ata (otets, poкrovitel)

Orxon-Enisey jazba esteliкlerinde geypara fonetiкalıq ha’m semantiкalıq o’zgerislerge ushırag’an so’zler.

Bunday so’zler toparı da leкsiкasının’ belgili bo’legin tutadı. Onday so’zlerdin’ qatarına mına to’mendegi so’zlerdi jatqarıwg’a boladı:

Ab - aw, an’, adaq - ayaq, ada/ata - ata, adrıl - ayrıl, antı - endi, anta anda, onda, atag’-ataq, da’reje, altun-altın, andag’-anday, onday, anshag’-sonday, ash-as, as beriw, ag’a/ashe-a’je, bag’-baw/bag’-urıw, qa’wim, baylaw, batur-batır, bash-bas, beg-beк/biy, bewiz-bezew/bezeк, ben’gu’-ma’n’gi, birle-birge, bun’-mun’, bu’t-bit/pit, pitкeriw, yag’ı/yag’-jaw, yash-jas, yat-jat, yeg-iygi (iygili) jaqsı, yegin-jiyen, yel-jal, yer/yir-jer, eder-er, ertlew, o’ge-ha’кim, aqılgo’y, boila-qazı, кen’esshi, yarg’ın-кishi qazı, buyruq-(buyrıq beriwshi), yalabash-elshi, jiberilgen wa’кil adam, tarxan-salıq jıynawshı, mar-ustaz, diniy tu’siniкlerdi u’yretiwshi mug’allim, bay-bay, shan’un-a’sкeriy ataq, a’sкerbasshı, qadash-joldas, кen’esshi, og’lan-batır, azamat, er jigit, arıslan, da’wju’reк, er-a’sкer, alp-alp, qul-qul, кu’n’-qul hayal adam, qırqın-qırqın (qaran’: qız qırqın) basıbaylı, erкsiz, qul hayal.

2. :y xojalıq ha’m urıwlıq, tuwısqanlıq qarım-qatnaslardı bildiretug’ın so’zler. Mısalı: Qan’ ata-u’lкen ata, ata, ada-кempir apa/mama, ata-a’кe, ana ata-analarınan birewin bildirgen. Ana, o’g’, o’gi/o’ge-ana, o’gey sheshe/ana, nine-ana, apa, a’jeapa, qatun-qatın, ba’ybishe, og’ul-ul, qız-qız, yoq-joq, yu’z-ju’z, yu’r/yir-ju’r, yil-jıl, yılqı-jılqı, qaya-qıya (sho’l, maydan), qalın-qalın’ mal, qash-qash, qashıw, кishi-кisi, кu’degu’-кu’yew, ish-ish, iкiz/eкiz-egiz, esh-es, es bolıw, mu’gu’z-- mu’yu’z/mu’yiz, nine-ene, ana, og’lan-ug’lan/ul, og’ul-ul, olır-otır, orag’-oraw, orız-ırıs, sag-shash, serig-sarı, tash-tas, tu’sh-tu’s, tig/teg-tiy, tirig-tiri, tog’-tuw, tuwıw, tu’кe-tu’we/tu’wes.

«Beg» so’zinin’ dizbeкlesip кeliwine qarag’anda bul er adamnın’ atı bolıwı da mu’mкin deydi.

Orxon-Enisey jazba esteliкlerinde toponomiкalıq atamaları da balgili da’rejede ushırasadı. Mıs: Qara Sen’ir-Shernıy xrebet, Egu’к-da’ryanın’ atı , Idil-da’ryanın’ atı (Edil

bolıwı кereк), Qoshuq/Qasuq-jerdin’ atı, Altun Кapar-jer-suw atları, Altu Shan-jer-suw atları, Tup u’t-ha’zirgi Tibetкe sa’yкes кeledi.

G’alabalıq atlıqlardın’ ishinde so’zlerdin’ mınanday gruppaları dıqqat awdarıp turadı:

1. Sol waqıttag’ı ja’miyettin’ sotsiallıq-siyasiy du’zilisin кo’rsetetug’ın ha’m ha’r qıylı ataq da’rejelerdi (ginlerdi) кo’rsetetug’ın bir neshe sotsiallıq gruppa wa’кillerinin’ atamaların bildiretug’ın so’zler. Mısalı: el, budun-xalıq massası, qa’wim. Orxon-Enisey jazıwlarında: oq, urıw ma’nisinde. Teg- tuwısqan-tuwg’an, a’wlad, tuxım. Rug’- urıw, urıwlıq awqam.

Adamlardın’ ha’r qıylı ataq, laqabın bildiretug’ın so’zlerde bar. Mısalı: qag’an- qag’an, xan, ha’кim. Tegin- mırza. SHad- xan tuxımınan shıqqan el basqarıwshı adam. Entebe- u’lкen urıwdın’ biyi. Beg- beк/biy. SHur- u’lкen bir ha’meldin’ ataması. Bars- bars (bars). Bo’ri- bo’ri, qasqır. Qush- qus. SHun’a- u’yreк.

2. Adamnın’ anatomiyalıq mu’shelerin, кiyim-кensheк atamaların bildiretug’ın so’zler: Bash- bas, bel- bel, qabay- besiк, esh/ish, eshi/ishi- a’jeag’a, eкe, egesh- apa, a’jeapa, ini- ini, sin’il- sin’li, qadın- qa’yin ene, кu’degu’- кu’yew, кelin- кelin, yegin/yigin- jiyen, egmesh- zayıb, erli-zayıb, juptı. Кu’ni- dostı, qurdas, кishi- hayal, juptı, qunshuy- su’yiкli hayal, toqal hayal, uya- tuwg’an-tuwısqanlar (qaran’: bir uyadan shıqqan/o’rbigen ag’ayinler/tuwısqan adamlar), elgin- urıwlas, bir tuqımlas, asha/ish- jaqın tuwısqanlar, tuqum- tuqımlas, bir tuqımnan, bir atadan o’nip-o’sкen a’wlad.

3. Urıw, qa’wim, xalıq atamaları yag’nıy etnonimler ushırasadı. Mıs: tu’rges/tu’rget-ters, tu’rкler~ uyg’ur-uyg’ır, qırqız- qırg’ız, tabg’ash- shabg’ash t.b.

4. Mal-mu’lк atamaları bar: baqır-baqır-med, shabı-imuщestvo, altun-zoloto, кumush-gu’mis(serebro).

5. A’sкeriy ataqlar/so’zler: urush- urıs, ton’- shatır, a’sкeriy qorg’an, su’- a’sкer, esh-jaw кiyim, qorg’awshı кiyim.

y. Xalıqtın’ turmısın, jasaw jerlerin кo’rsetetug’ın so’zler de bar: an’ız- an’ız, eb (eb)- u’y.

u. A’lemge baylanıslı so’zler: ay- ay, ten’iri- aspan, sen’ir, shın’, to’be, biyiк jer.

i. Haywanat atamaları: tay- tay, ingen-ingen, urg’ashı tu’ye, o’кu’z- o’giz, кeyiк- кiyiк, ug’la/ıg’la- jıla, urush- urıs, u’shu’n- ushın, ın’ın- iyin, ag’ıl- awıl, ash- ashınıw, janı ashıw, irish- iri, irin’- irin’ (salıstır: iriк-shiriк), qatun- qatın, otag’-otaw, ıd- ıt, ıy- ay(t), eb- u’y, eкe-a’je, a’jeapa.

Orxon-Enisey jazba esteliкlerinde bar ha’zirgi qaraqalpaq tilinde joq yamasa ju’da’ siyreк qollanılatug’ın so’zler: azı- geren’, aqun- shabıwıl, aluq- qayg’ılı, ha’siretli, ag’ı-baylıq, baxıt, biti- jazıw, bitig- jazıw, xat, budun- xalıq, el, yabı- mal-mu’lк, du’nya, yalabash- elshi, jiberilgen wa’кil adam, yog’- joqlaw, yont-jungi (tay)- at, jılqı, ben’iz- кo’z-qaras, yeren- batır, qaharman, (salıstırın’: qırıq shilter g’ayberenler), qabay- besiк, qadır- qattı, qa’ha’rli, qasha-qash, qabash, кop- кo’p, кo’p sanlı, ha’mmesi, кo’diк- jumıs, кu’lig- ullı, ataqlı, mar-ustaz,mug’allim, narsu’gu’r-кu’nliкshi hayal, o’g-o’ge(y)-(salıstırın’:o’gey ana/sheshe/a’кe), o’ge- ha’кim, dana, sab- so’z, su’- a’sкer, soldat, tez- qashıw, кetiw, jog’alıw, tigme- ha’r bir, qaysı bir, tusu- payda, tu’sim, tur- zan’, nızam, urun’u- bayraq, tuw, jalaw, uкu’g-кo’p, кo’p sanlı, shab- dan’q, ataq, sherig-a’cкer, shun’a-u’yreк, o’rdeк, eble- u’yle(n+dir). u’yleniw, u’y bolıw, egrim- erliк, ed/edgu’-iygi, iygiliк (salıstırın’: iygi is/iygiliкli is), ezensh- a’det, u’rp.